

# HEALTH AND RECOVERY PLANS (PLAN SANTE AK GERIZON YO)

se Plan Medicaid Managed Care (Swen Kontwole Medicaid) ki peye pou swen sante fizik ak konpòtmantal (pou moun ki gen pwoblèm sante mantal epi ki itilize dwòg/alkòl).

Lè ou se yon manm HARP, ou gen aksè nan pwofesyonèl swen sante ki espesyalize nan swen sante konpòtmantal. Health Home Care Management (Manadjè Swen

Sante) kapab travay avèk ou epi pwofesyonèl swen sante ou pou atenn objektif pou byennèt ou.

Lè ou se yon manm HARP, ou kapab kalifye pou divès kalite sèvis espesyalize ki rele Behavioral Health Home and Community Based Services (BH HCBS) (Sèvis Sante Konpòtmantal ki Bazè nan Kay ak Kominote). BH HCBS ka ede ou reyalize objektif pèsonèl ou yo, tankou viv yon fason endependan, oswa retounen nan travay oswa lekòl.\*

\*Ou dwe nan yon HARP epi fè yon evalyasyon pou konnen si ou kalifye pou BH HCBS.

Manadjè Swen Sante ak BH HCBS sipòte adilt ka p resevwa avantaj Medicaid ki gen maladi mantal kwonik, de oswa plis pwoblèm sante kwonik, ak/oswa pwoblèm abi dwòg oswa alkòl.

## Manadjè Swen Sante kapab ede ou.

- Jwenn yon founisè
- Jere pwoblèm ki kapab fè ou pa ka reyalize objektif tretman ou yo
- Jwenn kay estab pou rete
- Jwen enfòmasyon sou opòtinite pou jwenn travay ak fòmasyon
- Kominike ak founisè ou yo

- Kowòdone randevou medikal
- Jwenn transpò, si ou bezwen
- Jwenn sèvis prevansyon oswa entèvansyon pou kriz
- Konprann kijan sistèm swen sante ak sèvis sosyal la fonksyone

*Ak plis toujou...*

## POU JWENN AKSÈ NAN SÈVIS YO



### ETAP 1

Apre ou enskri nan yon HARP, ou menm ak manadjè swen ou a ap diskite objektif ou yo.



### ETAP 2

Ansanm, nou pral kreye yon plan pou ede ou reyalize objektif ou yo.



### ETAP 3

Manadjè swen ou a kontakte konpayi asirans ou pou otorizasyon ak pou jwenn BH HCBS.



### ETAP 4

Manadjè swen ou ede ou chwazi yon founisè epi pran yon randevou.



### ETAP 5

Ou menm ak founisè ou kreye yon plan ki apwopriye pou objektif ou yo.



### ETAP 6

Manadjè swen ou kontinye travay avèk ou, founisè ou, ak konpayi asirans ou.



# CHWA NAN SWEN pou **SANTE** **TOTAL KAPITAL**

## ÈSKE HARP SE YON BON CHWA POU MWEN?

Pale ak pwofesyonèl sante mantal ou oswa konseye pou abi dwòg/alkòl ou sou HARP. Yo kapab ede ou konnen si ou deja enskri oswa kijan pou ou enskri si ou kalifye.

### Kalifikasyon

Ou dwe gen 21 lane oswa plis pou enskri nan yon HARP, epi ou dwe gen asirans sèlman ak Medicaid, ou dwe gen yon maladi mantal oswa pwoblèm abi dwòg/alkòl kwonik,

epi kalifye pou Swen Kontwole Medicaid.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou HARP oswa pou enskri, rele New York Medicaid Choice nan 1-855-789-4277.

Konseye yo kapab ede ou nan lang ou.

**Moun ki itilize TTY yo:**  
1-888-329-1541

**Lendi jiska vandredi:**  
8:30 AM jiska 8 PM

**Samdi:**  
10 AM jiska 6 PM

**Rezo Endependan Defans Konsomatè (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN)** ofri èd gratis ak konfidansyèl pou ede kliyan ki kalifye pou enskri nan HARP. Yo kapab ede ou deside si HARP ap bon pou ou, reponn kesyon sou avantaj ou yo, ba ou konsèy ak enfòmasyon, ak defann ou nan pwoesis kontestasyon an. Rele ICAN nan **1-844-614-8800** oswa voye yon imèl bay [ican@cssny.org](mailto:ican@cssny.org).



# HARP

Health and Recovery Plans  
(Plan Sante ak Gerizon yo)



Jesyon Swen

